

The University of the State of New York  
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

**Madi**, 18 jen 2002 — depi 1:15 pou rive 4:15 apremidi sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati a. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsse pou w ekri repons yo.

**Premye Pati** a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa a yo nan fèy repons ki apa a.

**Dezyèm Pati** a gen kesyon redaksyon tematik yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

**Seksyon A nan Twazyèm Pati** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Seksyon B nan Twazyèm Pati** a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.**

## Premye Pati

### Reponn tout kesyon nan pati sa a.

*Esplikasyon:* (1–50): Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.


- 1 Nòmalmman, pou sivilizasyon nan bonè yo te devlope, sa te depann sou
  - (1) fòmasyon gouvènman demokratik
  - (2) yon anplasman ki te pre yon gwo min lò oswa yon gwo min lajan
  - (3) egzistans gwo lame
  - (4) anpil dlo ak tè ki fètil nan zòn lan
- 2 Youn nan prensipal rezon ki fè yo te jwenn divèsite kiltirèl nan tout Amerik Disid, Afrik, ak Azi Sidès, se te
  - (1) faktè jeyografik
  - (2) inite politik
  - (3) tradisyon nan relijyon
  - (4) ekonomi mache
- 3 « Nan òganizasyon [ekonomik] sa a yo, moun te gade sa ki te konn fèt anvan, plis kwayans kiltirèl ak kwayans relijyon pou deside kisa pou yo te pwodwi, kouman pou pwodwi li, kouman pou separe sa yo pwodwi a, epi menm ki travay ki te dwe fèt. »

Ki kalite ekonomi moun ki ekri deklarasyon sa a ap pale?

  - (1) ekonomi dirije
  - (2) ekonomi melanje
  - (3) ekonomi tradisyonèl
  - (4) ekonomi mache
- 4 Youn nan rezon dinasti Han ak Anpi Women te sanble, se paske tou de te
  - (1) govènman nan zòn ki te gran anpil, bò Lanmè Mediterane a
  - (2) kreye sosyete demokratik kote pèp la te chwazi ofisyèl gouvènman yo nan eleksyon
  - (3) devlope yon sistèm sosyal kote te gen anpil egalite
  - (4) bati yon bon jan sistèm wout pou ankouraje inite ak komunikasyon
- 5 Se istwa kilès nan sivilizasyon klasik sa a yo sik monson an, Mòn Imalaya yo, ak Rivyè Indis la te enfliyanse?
  - (1) Anpi Morya
  - (2) Anpi Babilòn
  - (3) ansyen Grès
  - (4) ansyen Ejip
- 6 Youn nan rezon ki fè relijyon Chento nan Japon sanble relijyon Animis nan Afrik, se paske yo kwè
  - (1) tout bagay nan lanati gen yon lespri ladan l, kididonk yo dwe respekte l
  - (2) gen yon sèl Bondye nan linivè
  - (3) se kondwit moral moun ki deside kisa ki pral rive yo lè yo mouri
  - (4) yo ta dwe mete estati relijye pou lonè lespri yo
- 7 Nan senk relasyon Konfisyis te preche yo, li te ankouraje moun
  - (1) chache jwenn pi bon pozisyon pou tèt yo nan lavi
  - (2) kenbe lòd sosyal ak politik
  - (3) respekte ak sèvi lanati
  - (4) sèvi bezwen lidè nan relijyon yo
- 8 Kilès nan deklarasyon sa a yo ki esplike lakòz, pase pou li esplike rezilta migrasyon Bantou ant ane 500 anvan Jezikri ak ane 1500 apre Jezikri?
  - (1) Lòt pèp te aprann teknik pou leve bèt ak travay latè.
  - (2) Gen plis pase swasant milyon moun ki pale yon lang Bantou kounye a.
  - (3) Gen vil ki devlope pou komès sou tout kòt Ès Afrik la.
  - (4) Lè popilasyon yo grandi, sa mete presyon sou agrikilti.

Baze repons ou pou kesyon 9 ak 10 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

### Wout Komès, soti nan Ès pou ale nan Wès



9 Kilès nan konklizyon sa a yo enfòmasyon ki nan kat la sipòte?

- (1) Komèsan yo te depann prensipalman sou rivyè kòm wout pou transpò.
- (2) Te gen plis machandiz ki te transpòte sou lanmè pase sou tè.
- (3) Se swa ki te prensipal machandiz nan komès.
- (4) Anpil fwa, komèsan yo te vwayaje ni sou lanmè ni sou tè.

10 Ki konsèp ki ilistre nan kat la?

- (1) sosyalis
- (2) entèdepandans
- (3) otosifizans
- (4) izolman kiltirèl

11 Jounal vwayajè lontan yo, tankou Ibn Battuta ki te moun Mawòk, Zheng He ki te moun Chin, ak Mansa Musa ki te moun Mali, se egzanp

- (1) prensipal sous ki dekri obsèvasyon vwayajè sa a yo
- (2) travay fiksyon ki ekri pou dekri avanti vwayajè sa a yo
- (3) sous segondè ki te anrejistre entèpretasyon vwayajè yo sou listwa
- (4) sous perime pou rechèch sou listwa

12 Dinasti Tang nan Chin, Anpi Gupta nan End, ak Anpi Mali nan Afrik gen bagay ki sanble, paske yo tout te travèse yon peryòd

- (1) pwosperite ak kreyativite atistik
- (2) feyodalis ak opresyon
- (3) lagè ak envazyon youn apre lòt
- (4) mèkantilis ak ekspansyon endistri

13 Kisa ki te yon gwo kontribisyon Anpi Bizanten an te fè nan listwa global?

- (1) prezèvasyon kilti grèk ak women
- (2) konstriksyon piramid yo
- (3) ekspansyon egalite nan dwa moun
- (4) envansyon ekriti


14 Kilès nan faktè sa a yo ki te ede gwo anpi Mongòl yo te kreye a reyisi?

- (1) chache pa pran kontak avèk Oksidan
- (2) peye lidè lokal yo lajan
- (3) sèvi avèk konesans militè siperyè
- (4) fè pèp yo bat nan lagè yo konvèti nan Konfisyenis

15 Youn nan rezilta Kwazad yo, se te fè vin gen plis komès ant Mwayen Oryan ak

- (1) Azi Oryantal
- (2) Afrik
- (3) Amerik Dinò
- (4) Ewòp

Baze repons ou pou kesyon 16 sou òganizatè grafik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



16 Ki tit ki konplete òganizatè grafik sa a pi byen?

- (1) Sant Komès sou Latè
- (2) Sosyete Latino Ameriken
- (3) Vil kote Pi Gwo Relijyon yo Koumanse
- (4) Kote Premye Sivilizasyon yo te Tabli

17 • Luther afiche Katreven Kenz Tèz yo.  
 • Calvin preche teyori predestinasyon.  
 • Henry VIII siyen *Act of Supremacy* (Lwa Sipremasi) a.

Evennman sa a yo te rive pandan

- (1) Kwazad yo
- (2) Revolisyon Neyolitik la
- (3) Refòm Pwotestan an
- (4) Revolisyon Gloryèz la

18 Lè koumanse genyen labank, lèt kredi, konpayi kapital aksyon, ak konfreri, sa ede nan derape peryòd

- (1) Renesans
- (2) Revolisyon agrikòl
- (3) Leklerasyon
- (4) Revolisyon komèsyal

19 Lè Anpi Bizanten an tonbe nan men Tik Otoman yo (an 1453), sa fè Espay ak Pòtigal

- (1) chache wout nèf pou fè komès avèk Azi Oryantal
- (2) vin gen plis tolerans sou kesyon relijyon pou pèp Mizilman yo
- (3) refòme sistèm politik yo
- (4) fè Enkizisyon Katolik la rive nan Mwayen Oryan

20 Youn nan rezon ki fè anpi Aztèk, Maya, ak Enka te sanble, se paske yo te

- (1) devlope nan vale ki fèt il
- (2) kenbe sistèm politik demokratik
- (3) viv nan lapè avèk lòt anpi ki te pre yo
- (4) kreye sivilizasyon konplèks

21 • Epidemi varyòl gaye nan tout Meksik.  
 • Anpil Enka konvèti pou yo vin Kreyen nan seremoni ki fèt Lima, nan Pewou.  
 • Panyòl ak Pòtigè ap aprann manje chokola, pistach, tomat, ak mayi.  
 • Cortès pote lòt Aztèk ak trezò ajan nan Espay.


Kilès nan ka sa a yo ki parèt nan deklarasyon sa a yo?

- (1) senpati Ewopeyen pou sivilizasyon Ameriken Endyen Natif Natal yo
- (2) komès triyangilè ak rezilta li pote nan ekonomi agrè yo
- (3) gwo pri kolonyalis sanble li koute
- (4) rezilta ki soti nan kontak ant plizyè pèp

22 Kilès nan deklarasyon sa a yo ki esplike poukisa Renesans la koumanse ann Itali?

- (1) Itali pa t gen yon eritaj klasik k ap enfluyans l.
- (2) Vil-Èta Itali yo te sant rich ki te gen komès ak manifakti.
- (3) Te gen yon gouvènman santral fò ki inifye Itali politikman.
- (4) Legliz Katolik pa t gen okenn enfluyans ann Itali.

Baze repons ou pou kesyon 23 sou chema kwonolojik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



23 Evenman ki ekri nan chema kwonolojik pi wo la a yo montre devlopman

- |                                      |                                |
|--------------------------------------|--------------------------------|
| (1) yon monachi konstitisyonèl       | (3) yon fòm gouvènman totalitè |
| (2) yon monachi dapre volonte Bondye | (4) dwa vòt inivèsèl           |

Baze repons ou pou kesyon 24 ak 25 sou pwezi ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

« . . . Isit la, gen yon vil nèf ki pral leve [bati]...  
Li pral ouvri yon fenèt sou Oksidan . . .  
Isit la drapo tout peyi etranje  
Pral pran chemen dlo nèf pou yo vini . . . »

— Alexander Pushkin, *The Bronze Horseman*  
[Kavalye Bwonz]

24 Pwezi sa a dekri objektif ki lidè Risi?

- (1) Ivan Leterib
- (2) Pyè Legran
- (3) Katrin Lagrann
- (4) Nikola 2

25 Kilès nan politik sa a yo ki te devlope pou reyalize plan ki pale nan pwezi a?

- (1) oksidantalizasyon
- (2) izolasyonis
- (3) apezman
- (4) politik ekilibre pwisans yo

26 Ni Niccolò Machiavelli nan *The Prince* [*Prens la*], ni Thomas Hobbes nan *Leviathan* [*Levyatan*] te di konsa moun k ap gouvènen yon peyi dwe

- (1) gen pouvwa dapre yon kontra sosyal ak pèp l ap gouvènen an
- (2) fè bezwen pèp li pase anvan tout lòt bagay
- (3) sèvi ak prensip Kretyen nan tout desizyon l ap pran
- (4) sèvi ak tout pouvwa li genyen pou kenbe lòd nan kote li gouvènen

27 Youn nan prensipal objektif Kongrè Vyèn lan (1814 – 1815), se te pou

- (1) ankouraje inifikasyon Itali
- (2) prezève teritwa Otto von Bismarck te pran pou Almay
- (3) retabli pouvwa Sen Anpi Women an
- (4) ekilibre pouvwa nan Ewòp apre yo te fin fè laviktwa sou Napoleyon

28 « Ranmase chaj pou Blan an pote –  
Voye pi bon moun ou fòm –  
Ale, voye pitit ou nan egzil  
Pou sèvi bezwen prizonye w yo . . . »

— Rudyard Kipling, *The Five Nations*  
[*Senk Nasyon yo*] (1903)

Pawòl nan pwezi sa a te sèvi pou sipòte

- |                 |                         |
|-----------------|-------------------------|
| (1) enperyalis  | (3) prete nan lòt kilti |
| (2) izolasyonis | (4) otodetèminasyon     |

29 Youn nan bagay ki sanble nan sa Sun Yat-sen ak sa Kemal Atatürk te fè, se te

- (1) dirije mouvman nasyonalis nan peyi yo
- (2) rejte vyolans kòm mwayen pou pran pouvwa politik
- (3) sipòte prensip politik Maksis
- (4) ankouraje yon sosyete kote se lidè relijyon ki dirije

30 « Mwen pa konnen laj mwen . . . Mwen koumanse travay lè mwen te gen 9 an konsa. Premye fwa mwen travay, se te pou yon nonm ki te abitye bat mwen ak sentiwon . . . Mwen te abitye dòmi nan yon twou chabon ki pa t gen chabon ankò ladan l; mwen te konn manje nenpòt kisa mwen te jwenn; pandan lontan, se bouji mwen te jwenn nan twou yo mwen te manje . . . »

— E. Royston Pike  
paragraf adapte ki te nan *Hard Times*,  
*Human Documents of the Industrial Revolution*  
[*Tan ki Di, Dokiman sou sa Moun pase nan*  
*Revolisyon Endistriyèl*]

Di yon bagay la a ki te rive, poutèt kondisyon moun te viv dapre sa ki ekri nan paragraf sa a.

- (1) Marks te ekri *Manifest Komunis* la
- (2) Garibaldi te òganize Chemiz Wouj yo
- (3) Charles Darwin te devlope *Orijin Espès* yo
- (4) Atatürk te antre nan gwoup Jenn Tik yo

31 « . . . n ap goumen pou bagay nou toujou pote nan kè nou yo – pou demokrasi, pou dwa moun ki respekte otorite gen lapawòl nan pwòp gouvènman yo, pou dwa ak libète ti peyi yo, pou tout pèp lib rive domine avèk dwa yo, yon jan pou tout nasyon jwenn sekirite ak lapè, epi pou tout latè kapab rive jwenn libète yon jou . . . »

— Prezidan Woodrow Wilson

Deklarasyon sa a Prezidan Wilson te fè a, se te yon sipò dirèk pou lide

- (1) depoze tout zam
- (2) otodetèminasyon nasyonal
- (3) retounen ajiste teritwa
- (4) ekilibre pwisans yo

32 Youn nan prensipal rezon Revolisyon Ris 1917 la, se te

- (1) abi pouvwa politik Czar Nicholas II te fè
- (2) paske gouvènman an te refize antre nan Premyè Gè Mondyal la
- (3) dwa pou vote ki t ap devlope nan anpil kote
- (4) fayit sistèm kominis la

33 Kondisyon difisil yo te mete nan trete ki fèmen Premye Gè Mondyal la te sèvi pou esplike

- (1) Revolisyon Fasis nan Espay
- (2) Revolisyon Bòlchevik nan Risi
- (3) Nazi ki monte nan Almay
- (4) Masak Amenyen nan Tiki

34 « Gouvènman Samajeste dakò pou tabli yon teritwa nasyonal pou pèp Jwif nan Palestin... avèk yon kondisyon ki klè: pa gen anyen ki pral fèt pou kontrarye dwa relijye ak politik kominote ki nan Palestin deja epi ki pa Jwif . . . »

— Lord Balfour, 1917

Ki mouvman istorik ki gen rapò pi dirèk ak deklarasyon Lord Balfour la?

- (1) Mouvman Panslavis
- (2) Òganizasyon pou Inite Afrik
- (3) Mouvman Pannafrikanis
- (4) Mouvman zyonis entènasyonal

Baze repons ou pou kesyon 35 ak 36 sou deklarasyon ki pi ba la a yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

*Patisipan A:* « Lè sa a, sa ki te pase sou chan batay la se te yon sekrè total, men mwen te kwè Esfè Pwosperite *Greater East Asia Co-Prosperity Sphere* (Komen pou Tout Azi Oryantal la) t ap gen anpil enpòtans pou ras ki te aryere yo. »

*Patisipan B:* « Noumenm Nazi pa janm dwe lage objektif nou, nan politik etranjè, ki se garanti pou pèp alman peyi ak teritwa yo merite genyen . . . »

*Patisipan C:* « Trete Minik la sove Tchekoslovaki anba destriksyon, epi li sove Ewòp anba Amagedon. »

*Patisipan D:* « Nou pral defann il nou an, kèlkeswa sakrifis sa koute nou. N ap goumen sou plaj yo, n ap goumen nan kote yo debake, n ap goumen nan bwa, n ap goumen nan lari. . . . Nou p ap janm rann tèt nou. »

35 Lide komen nan deklarasyon Patisipan B ak D fè la a yo, se

- |                   |                |
|-------------------|----------------|
| (1) kolonyalis    | (3) nasyonalis |
| (2) anpeche vance | (4) reparasyon |

36 Egzanp ki montre politik apezman an pi klè, se deklarasyon kilès nan Patisipan yo fè?

- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

Baze repons ou pou kesyon 37 sou tablo ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Enfòmasyon Estatistik sou Sante nan Peyi ki Nonmen yo, 1996					
Peyi	Popilasyon (mil moun)	Dire nòmal lavi depi nesans (gason/fi)	Kabann lopital (pou 1 000 moun)	Doktè (pou 1 000 moun)	Mòtalite tibebe (pou chak 1 000)
Ajantin	34,673	68/75	4.4	2.7	28
Ostrali	18,261	76/83	5.0	2.3	6
Gwatemala	11,278	63/68	*	0.8	51
Miyanma	45,976	55/58	0.6	0.3	81
Olann	15,568	75/81	5.7	2.6	5
Zayi	46,498	45/49	2.1	0.1	108

\*Pa gen enfòmasyon

Sous: *World Almanac and Book of Facts* [Almanak ak Liv Enfòmasyon pou Tout Peyi]

37 Nan ki konklizyon moun kapab rive dapre tablo a?

- (1) Gen yon rapò ant nivo swen sante ak dire nòmal lavi.
- (2) Gen plis mòtalite tibebe anmezi gen plis kabann lopital.
- (3) Gwosè popilasyon an gen yon rapò dirèk avèk to mòtalite tibebe a.
- (4) Fi viv pi lontan pase gason sèlman lè to mòtalite tibebe a ba.

38 « Kapab gen rezilta moral sèlman lè gen moderasyon moral. »

— Mohandas Gandhi

Politik sitasyon sa a reprezante pi byen, se

- (1) oksidantalizasyon
- (2) netralite
- (3) ekilib ant pwisans yo
- (4) rezistans pasif

39 Sa ki te rive apre Miray Bèlen an tonbe, se te

- (1) fen sistèm demokratik nan Almay
- (2) monte mouvman Neyonazi nan Espay
- (3) Trete Vasovi a ki te agrandi
- (4) kominis ki te tonbe nan Inyon Sovyetik

40 Youn nan rezon prensipal ki fè gen konfli ant Izrayelyen ak Palestinyan yo, se paske chak kan

- (1) vle kontwòle resous petwòl nan zòn lan
- (2) gen koneksyon istorik avèk menm teritwa a
- (3) pa entèprete menm jan sa menm relijyon an di
- (4) gen alyans militè solid avèk peyi ki tou pre yo

41 Kilès nan deklarasyon sa a yo ki dekri politik etranjè End pi byen ant 1947 ak 1990?

- (1) Li te kopye politik Angletè.
- (2) Pi souvan, li te baze politik li sou politik chinwa.
- (3) Li te refize pran èd nan men okenn diktati kominis.
- (4) Nòmman, li pa t aliye politik li sou politik lòt peyi.

42 « **Etazini Voye Founiti nan Avyon bay Bèlen** »  
 « **Yo Desann yon Avyon Espyon U-2 anlè Inyon Sovyetik** »  
 « **Misil Sovyetik Plante Kiba** »

Tit jounal sa a yo pale sou evennman ki pase pandan

- (1) Rèy Laterè Stalin
- (2) Dezyèm Gè Mondyal
- (3) *Cold War* (Lagè san Tire) a
- (4) Epòk ki vini *post-Cold War* (apre Lagè san Tire) a

- 43 Espresyon « Revolisyon Vèt » la pale sou
- (1) etid sou lanati
  - (2) manje ak resous agrikòl ki vin plis toupatou sou latè
  - (3) lè yo sispann travay ak men pou travay ak machin
  - (4) yon revòlt plantè ak travayè nan endistri
- 44 « Nò Ameriken yo toujou nan pami nou, menm si yo pa okipe nou oswa yo vire do ban nou. Lonbraj yo kouvri tout emisfè a. Se lonbraj yon jeyan. »
- Octavio Paz, powèt meksiken
- Moun ki ekri deklarasyon sa a ap fè kòmantè sou
- (1) bezwen Nò Ameriken genyen pou yo bay Meksiko èd ekonomik
  - (2) enpak komès lib ant Kanada, Meksik, ak Etazini
  - (3) sa Etazini prete nan kilti Amerik Latin
  - (4) enfliyans Etazini sou Amerik Latin
- 45 Pandan ane 1990 yo, pwoblèm ki te genyen nan relasyon ant Katolik ak Pwotestan nan Ilann Dinò, epi ant Sèb, Kwowat, ak Mizilman nan Balkan yo ede montre
- (1) difikilte ki genyen nan rezoud konfli etnik ak relijye
  - (2) inegalite ki vin genyen lè yo agrandi mache lib ak komès global
  - (3) konfli ki te vin genyen lè Trete Vasovi a te kraze
  - (4) rezilta fayit gouvènman diktatoryal yo
- 46 Youn nan rezon ki fè Douz Tab Wòm yo, Kòd Amourabi a, ak Kòd Jistinyen an te sanble, se paske yo te tabli
- (1) akò komèsyal avèk peyi ki pre yo
  - (2) tolerans pou tout relijyon ki te genyen nan popilasyon yo
  - (3) sistèm legal ekri
  - (4) egalite nan klas sosyal
- 47 An mezi yon sosyete ap gen plis moun ki vin rete lavil, epi l ap devlope endistri, li gen tandans
- (1) devlope yon sistèm klas ki pi rijid
  - (2) chanje sa moun konn kwè ak abitud nan tradisyon yo
  - (3) reziste difizyon kiltirèl
  - (4) depann plis sou yon estrikti fanmi pwolonje
- 48 Youn nan rezon ki fè sistèm ennkomyenda a te sanble ak sistèm feyodal Ewòp la, se paske tou de te
- (1) ankouraje mobilite sosyal
  - (2) tabli yon estrikti klas kote mèt tè yo te gen tout pouvwa nan men yo
  - (3) soti kòm rezilta nan komès esklav Afriken an
  - (4) depann sou wout komèsyal ki te long
- 49 • Move rekòt ponmtè te youn nan lakòz grangou nan Ilann.
- Sechrès k ap kontinye a pran kontwòl plantasyon nan Afrik.
  - Moun k ap kondwi betay ap chache yon wazi pou bèt yo.
- Ki konklisyon ki kapab soti nan deklarasyon sa a yo?
- (1) Moun kapab kontwole anviwonman yo dapre bezwen yo genyen.
  - (2) Anpil fwa, kondisyon anviwonman yo lakòz popilasyon deplase.
  - (3) Jeyografi gen yon enpak pozitif sou popilasyon.
  - (4) Kondisyon klimatik yo lakòz yon distribisyon inifòm nan popilasyon yo.
- 50 Kilès nan tit sa a yo ki dekri yon evennman ki te pase pandan lit End pou pran endepandans li?
- (1) « **Gandhi ap Kondwi yon Mach pou Sèl** »
  - (2) « **Kenyatta ak Mau Mau yo ap Mache sou Angle yo** »
  - (3) « **Cecil Rhodes Inifye Kontinan an** »
  - (4) « **Ho Chi Minh ap Mennen Fòs Rebel yo** »



**Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.**

**Lè w ap devlope repons pou Dezyèm Pati ak Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa a yo:**

- (a) **dekri** vle di « ilistre yon bagay avèk mo, oswa pale sou bagay la »
- (b) **esplike** vle di « fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la »

### **Dezyèm Pati**

#### **KESYON POU REDAKSYON TEMATIK**

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragaf sou objektif travay ki pi ba la a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Jeyografi ak Sosyete**

Nan plizyè epòk pandan listwa mondyal, aktivite moun fè chanje peyi ak anviwonman kote y ap viv la. Chanjman nan jeyografi fizik sa a yo aji sou sosyete a.

#### **Objektif**

#### **Travay la:**

Chwazi **de** chanjman yon sosyete oswa de sosyete diferan fè nan peyi oswa nan anviwonman kote y ap viv la, epi pou **chak** chanjman:

- Nonmen sosyete kote chanjman an rive a
- Dekri kouman aktivite moun yo te chanje anviwonman fizik la
- Esplike kouman chanjman nan anviwonman fizik la aji sou sosyete a

Ou mèt pran nenpòt ki **de** egzanp nan sa ou etidye sou jeyografi ak listwa mondyal. Nan pami sijesyon ou kapab konsidere, gen sistèm irigasyon, agrikilti teras, sistèm wout, sistèm kannal, boule konbistib fosil, oswa sèvi ak enèji nikleyè.

***Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman.***

**Nan repons ou, *pa* pran okenn chanjman anviwonman ki rive nan Etazini.**

#### **Direktiv:**

#### **Nan redaksyon w lan, sonje pou w:**

- Trete tout aspè nan *Objektif Travay* la
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm lan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm lan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay* la sèlman, epi rezime tèm nan pou konklizyon an

**Twazyèm Pati****KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

Kesyon sa a mache ak dokiman sa a yo (1-8). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè w ap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.

**Kontèks Istorik:**

Malgre trajedi Olokòs la, gen abi dwa moun ki kontinye fèt nan epòk ki vini apre Dezyèm Gè Mondyal la.

**Objektif**

**Travay la:** Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Pati B a, kote yo pral mande w:

- Dekri egzanp abi dwa moun ki fèt nan epòk apre Dezyèm Gè Mondyal la
- Esplike ki efò kominote entènasyonal la fè pou elimine abi dwa moun sa a yo

## Seksyon A

### Kesyon ki Mande Repons Kout

*Esplikasyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo bay la.

#### Dokiman 1

#### Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun

<p><b>Atik 1</b> — Tout moun fèt lib epi egal nan diyite ak nan dwa yo.</p> <p><b>Atik 3</b> — Tout moun gen dwa genyen lavi, libète ak sekirite pou tèt li.</p> <p><b>Atik 4</b> — Yo pa gen dwa kenbe pèsonn nan esklavaj ni nan soumisyon ; esklavaj ak komès esklav pa gen dwa fèt nan okenn jan.</p> <p><b>Atik 5</b> — Pèsonn pa dwe viktim tòti, ni tretman oubyen pinisyon ki kriyèl, inimen, oswa avilisan.</p> <p><b>Atik 9</b> — Pèsonn pa dwe viktim arestasyon, detansyon, oswa egzil abitrè.</p> <p><b>Atik 13</b> — 1. Tout moun gen dwa genyen libète nan deplasman l, epi libète pou rete nenpòt kote anndan limit Eta yo. 2. Tout moun gen dwa pati kite nenpòt ki peyi, menm pwòp peyi li, epi retounen nan peyi l.</p> <p><b>Atik 14</b> — Tout moun gen dwa mande ak resevwa azil kont pèsèkisyon nan lòt peyi.</p> <p><b>Atik 15</b> — Tout moun gen dwa genyen yon nasyonalite.</p> <p><b>Atik 18</b> — Tout moun gen dwa benefisye libète opinyon, konsyans, ak relijyon.</p> <p><b>Atik 19</b> — Tout moun gen dwa genyen libète pou kwè sa li vle, ak di sa ki nan tèt li.</p> <p><b>Atik 20</b> — Tout moun gen dwa benefisye libète pou fè reyinyon ak asosyasyon pasifik.</p> <p><b>Atik 21</b> — Tout moun gen dwa patisipe nan gouvènman peyi l, kit se yon jan ki dirèk, kit se avèk entèmedyè reprezantan li lib pou chwazi.</p>
---

1 Nonmen *de* dwa moun ki parèt nan dokiman sa a. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score-Nòt

(2) \_\_\_\_\_

Score-Nòt

## Dokiman 2



« Montre m lesepase w. »

2 Nan ki jan sistèm lesepase a te yon vyolasyon dwa moun? [1]

Score-Nòt

## Dokiman 3

### Lè Sistèm Apatay Fini nan Afrik Disid

**1973:** Asanble Jeneral Nasyonzini an deklare apatay se yon krim kont limanite.

**1977:** Konsèy Sekirite Nasyonzini an mete anbago sou ekspòtasyon zam pou voye bay Afrik Disid.

**1983:** Yon Konstitisyon tou nèf bay minorite moun koulè ak Azyatik yo dwa politik ki limite.

**1986:** Etazini enpoze sanksyon ekonomik jeneral.

**1990:** Mandela soti nan prizon. Lalwa pa pèmèt fè segregasyon nan kote piblik ankò.

**1991–93:** Apatay kraze, epi minorite nwa yo vin jwenn dwa sitwayen nòmal yo.

**1994:** Premye eleksyon pou moun tout ras.

3 Dapre dokiman sa a, nonmen *de* aksyon yo te pran pou fini ak sistèm apatay la. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score-Nòt

(2) \_\_\_\_\_

Score-Nòt

#### Dokiman 4

Ant mitan ane 1975 ak fen ane 1978, Kmè Wouj Pòl Pòt yo touye ant yon milyon ak twa milyon Kanbodyen, nan yon popilasyon sèt milyon moun konsa. Yo egzekite ansyen anlwaye gouvènman, moun ki travay nan lame, ak « entelektyèl » pa santèn milye. Gen lòt moun ki mouri anba maladi, fatig, ak grangou pandan yo t ap fòse yo kite vil kote yo rete, deplase pou al rete lòt kote, ak fè travofòse. Yo te fòse fanmi separe, pou fè moun viv nan kominote ; leta te chwazi moun pou fè gason ak fi marye. Yo te pwoskri [defann] edikasyon ak relijyon.

—David Hawk, “The Killing of Cambodia,” *The New Republic*,  
[« Lè yo te Touye Kanbòdj », ki ekri nan *Republik Tou Nèf la*], 1982

4 Nonmen **de** kalite vyolasyon dwa moun Kmè Wouj la te fè. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score-Nòt

(2) \_\_\_\_\_

Score-Nòt

## Dokiman 5

Masak etidyan ki te fèt sou Plas Tyennamenn 4 jen 1989 la te choke tout moun. Nan ekstrè ki pi ba la a, gen yon etidyan Chinwa ki mande pa bay non l, ki esplike kouman li te wè sa ki pase a:

« Dimanch a 4rè dimaten, yo [etenn] tout limyè sou plas la yon sèl kou. Nou tande lòd nan wo palè yo ankò pou di nou 'degèpi.' Gen yon vwa ki plede repete nan zòrèy mwen 'Lè a rive.' [Yon moman apre,] kout mitrayèz koumanse tire. . . . [Yo] t ap tire nan wotè lestomak ak wotè tèt etidyan yo. . . . Konbyen moun ki mouri lè sa a? Mwen pa konnen. Èske mwen pesimis? Non, mwen pa pesimis menm. Paske mwen wè volonte pèp la. Mwen wè lespwa pou Lachin. »

Men kisa yon lòt etidyan, ki mande pa bay non l, di jounal *San Francisco Examiner* li santi lè bagay sa a yo t ap pase:

Se manti mwen ta bay, si m ta di nou pa t pè, men mantalman nou te pare, epi nou te deside anpil. Gen etidyan ki te kwè lame pa ta pral sèvi ak lafòs pou touye moun vre. Men, sa ki te pi enpòtan, nou te santi nou t ap fè bon travay, epi sa te ban nou kouraj. Nou te santi nou gen yon rezon sakrifye lavi nou, pou pwogrè ak demokrasi kapab pran pye nan Lachin.

5a Ki aksyon lame chinwa te pran kont etidyan yo? [1]

---

---


Score-Nòt

b Ki rezon etidyan chinwa yo te bay pou manifestasyon yo te fè a? [1]

---

Score-Nòt

Dokiman 6



Sous: Wasserman, *Boston Globe* [Glòb Boston], 1992

6a Ki vyolasyon dwa moun atis ki fè desen an ap pale? [1]

---

Score-Nòt

b Kisa atis ki fè desen an ap eseye di sou reyaksyon Ewòp, lè vyolasyon moun sa a te rive? [1]

---

Score-Nòt

## Dokiman 7

Gen yon jenosid ki touye omwens 500 000 moun ki te pase [te fèt] pandan prentan 1994 la, nan yon ti peyi Afrik ki rele Wanda. Gen plizyè milye moun ki te viktim kadejak, tòti, ak kou. Kominote entènasyonal la pa t fè anyen pou rete krim yo. Sèl rezon an, se paske Wanda te twò lwen, epi li pa t konte anpil nan kalkil « gwo enterè » okenn nan Eta ki te kapab aji yo te fè. Konsèy Sekirite Nasyonzi an pa t ranfòse ti detachman sòlda kas ble Nasyonzi ki pa t byen ame, ki te deja nan Wanda a; sòlda sa a yo te montre yo brav, men kòm manda yo te limite, yo pa t kapab fè anpil pou anpeche masak la kontinye.

Plizyè mwa apre jenosid la te fini, Konsèy Sekirite Nasyonzi an kreye yon tribinal penal entènasyonal pou jije moun ki reponsab yo. Nasyonzi pwofite Tribinal Penal Entènasyonal yo te fèk kreye pou ansyen Yougoslavi a, pou decide jenosid Wanda a te mande pou yo fè menm kantite efò a, pou jije moun ki responsab krim grav yo, tankou jenosid ak krim kont limanite. Li te parèt enposib pou jije moun yo nan Wanda, paske sistèm jistis nan peyi a te fin kraze.

7 Nonmen **yon** sèl aksyon ki te pran, sou kesyon vyolasyon dwa moun nan Wanda? [1]

Score-Nòt



**Règleman Amnisti Entènasyonal**

**Objektif ak Manda**

1. Objektif Amnisti Entènasyonal, se ede nan fè respekte dwa moun toupatou sou latè, tankou Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun lan mande . . . .

Pou rekonèt chak moun oblije respekte dwa ak libète tout lòt moun menm jan ak pa l, Amnisti Entènasyonal adopte manda sa a:

- Pou fè konnen . . . Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun, ak lòt dokiman sou dwa moun kominote entènasyonal la rekonèt, . . . ansanm ak endivizibilite epi depandans ki genyen ant tout dwa ak libète moun;
- Pou konbat vyolasyon grav kont dwa chak moun genyen pou gen libète konviksyon l ak di sa ki nan tèt li, epi pou yo pa fè diskriminasyon kont li, epi pou entegrite fizik ak mantal li respekte . . . .

**Metòd/Aksyon**

2. Pou reyalize . . . objektif ak manda li, Amnisti Entènasyonal pral: . . .

- Ankouraje adopsyon konstitisyon, konvansyon, trete, ak lòt aksyon li kwè ki kòrèk pou garanti dwa ki ekri nan dokiman ki nonmen nan Atik 1 yo; . . .
- Pibliye dosye sou prizonye ki objektè konsyans ak sou lòt moun ki te viktim poutèt vyolasyon . . . sa ki di nan dokiman sa a yo;
- Mennen ankèt epi pibliye rezilta ankèt lè gen moun ki disparèt, si gen rezon pou kwè moun yo kapab te viktim vyolasyon dwa ki nonmen nan Atik 1 yo;
- Konbat si y ap voye moun soti nan yon peyi pou ale nan yon lòt peyi kote gen bon rezon pou kwè yo kapab vin prizonye pou objeksyon konsyans, oswa viktim tòti oswa kondane pou yo mouri;
- Voye anketè, si gen rezon pou sa, pou mennen ankèt sou rapò ki fèt sou dwa moun . . . ki vyole oswa menase dapre prensip ki tabli yo.

8 Nonmen *de* aksyon Amnisti Entènasyonal pran pou pwoteje dwa moun. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score-Nòt

(2) \_\_\_\_\_

Score-Nòt

## Seksyon B

### Redaksyon

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **cenk** (5) dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

#### Kontèks Istorik:

Malgre trajedi Olokòs la, gen abi dwa moun ki kontinye fèt nan epòk ki vini apre Dezyèm Gè Mondyal la.

#### Objektif

**Travay la:** Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou sou istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou:

- Dekri egzanp abi dwa moun ki fèt nan epòk apre Dezyèm Gè Mondyal la
- Esplike ki efò kominote entènasyonal la fè pou elimine abi dwa moun sa a yo

#### Direktiv:

##### Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Pale sou tout aspè *Objektif Travay* la; pou fè sa, analize epi entèprete avèk presizyon, omwens **cenk** (5) dokiman
- Pran enfòmasyon ou jwenn nan dokiman yo pou mete nan devlopman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm lan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm lan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay* la oswa *Kontèks Istorik* la, epi fè yon rezime tèm lan kòm konklizyon

# ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

Madi, 18 jen 2002 — depi 1:15 pou rive 4:15 apre midi sèlman

### FÈY REPONS

Gason

Non Elèv la .....G/F:  Fi

Non Pwofesè a .....

Non Lekòl la .....

**Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.**

### Premye Pati

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

#### FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score \_\_\_\_\_

Part III A Score \_\_\_\_\_

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score \_\_\_\_\_

Part III B Essay Score \_\_\_\_\_

Total Essay Score

Final Score  
(obtained from conversion chart)

No.   
Right

**Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.**

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

